sanitation

# Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat yii:

## Mbir yu Fés ak Tektal ngir Gën Xam Sart yii

*Da ngeen di jaay, da ngeen di luwe wala da ngeen bëgg jaay wala di luwe ay am-am wala ay mëneef, te waaye lekk bokku ci, ci ay bërëb u askan yu mel ni yoon wala pegg u yoon?*

**Ci wall u Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat yii:**

- Amul yemale ci wall u lim u kayit u sañ sañ yi ñuy jox aansiyeen kombataŋ yii wala seen i wëy deñcante yuy dund wala aju nekkaale yii. Lim u kayit u sañ sañ yi ñuy jox ansiyeen kombataŋ yii da ñu leen yemale ci 853.
- Jaaykat yi ame Kayit u Sañ-Sañ u Jaay bu Jagleelu bu Citywide (Puur) wala Kayit u Sañ-Sañ u Jaay bu Barab u Digg Midtown (Baxa) mën na ñoo jaay ci yenn barab yii ñu leen jagleel te ñoo feete kow yeneen jaaykat yii. Kayit u sañ-sañ yi da ñu ko jagleel aansiyeen komabataŋ yi am matadi ci cër bu ñu jëlee ci seen ligeey. Lim u kayit u sañ-sañ u Baxa yii dañu ko yemale ci 105. Amul benn yemale ci wall u lim u kayit u sañ-sañ yu puur yii yu ñu mën a joxe.
- Soxla woo leen kayit u sañ-sañ u jaaykat ngir jaay ay ñjaay yu Coppite Sart bu Jëkk teg loxo, bokk na ci ay jumtukaay yu ñu bind (surnaal, teere, ayubesal, kayit u tëŋk ak ay mbir u aar (pentiir, nataal, foto, yett, pentiir u kanam, maŋq u rab u all). Da ngeen war a topp sart u ñjaay yii donte su fekkee ni soxlawoo leen Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat.

**Ngir sa yombalal, xeet bu nekk ci suuf bokk na ci mbir yu am solo ci kanam u yoon wala sart, ngir nga mën ci sukandiku ngir di fa andi xibaar yu gën bari. Caabi bi ci suuf dafay wone sukandiku sart u yoon yii ak mandarga yi ñu jëfëndikoo ci biir kayit bii.**

**Kayit gii nekkul ngir jaaykat u lekk yii, jaaykat yii jaay ci park yii wala ci pegg yii, ak itam jaaykat yii siire ay dall.**

| CAABI |
|---|
| **NYC Code:** Kot u Nguur bu NYC<br>**RCNY:** Sart u Gox u New York<br>**§:** Pacc<br>**§§:** Pacc yii |

| Kayit u Sañ-sañ yii | |
|---|---|
| **1** | Da nga war a am Department of Consumer and Worker Protection (DCWP, formerly Consumer Affairs) General Vendor kayit u sañ-sañ.<br>**Pexe:** Ñjaay um lekk yii dafay laaj kayit u sañ-sañ buy bayyeekoo ci Department of Health and Mental Hygiene.<br>**Pexe:** Jaay ay Ñjaay ci Tali bu ñu jagleel loolu (c.m., tali bu ñu jagleel, xew-xew, wala xawaare) soxla na Temporary Street Fair Vendor Permit. |
| | **NYC Code §20-453** |
| **2** | Jaaykat yii war nañoo yore seen kayit u sañ-sañ u DCWP ngir mu leer ci askan wi ak alkaati yii (c.m., Alkaati wu Set ak Sell, alkaati yii) saa su nekk.<br>**Pexe:** Kayit u sañ-sañ yu baxa ak yu puur yu jagleelu war naa am seen Kayit u Sañ-sañ (Weex) ak seen kayit u sañ-sañ yu jagleelu. |
| | **6 RCNY §2-309** |

sanitation

# Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat yii:

## Mbir yu Fés ak Tektal ngir Gën Xam Sart yii

| | |
|---|---|
| **Barab** | |
| ***Barab yi ñu aaye jaay yëpp te amul beral*** | |
| **3** | Mënuloo jaay ci biir ci suuf u "Wall u World Trade Center" (bokk na ci tali digaloo yii) ca Manhattan:<br>• Digaloo bi feete Peŋku: fi feete peŋku u Broadway<br>• Digaloo bi feete saalum: fi feete saalum u Liberty Street<br>• Digaloo bi feete Sow: fi feete sow u West Street<br>• Digaloo bi feette gannaar: fi feete gannaar u Vesey Street |
| | **NYC Code §20-465(g)(2)** |
| **4** | Mënuloo jaay ci biir 10 feet ci koñ u tali, bunt duggukaay u metro yii, wala yoon yii. |
| | **NYC Code §20-465(e)** |
| **5** | Mënul loo jaay ci lu yees 5 feet ci wet u are biis yii, kiyosk u kayit u bataaxal yii, telefon piblik yii wala balluwaay u WiFi yii, wala yoon u jallukaay yii ngir nit ñi ame laago. |
| | **NYC Code §20-465(q)** |
| **6** | Mënuloo jaay ci lu yees 20 feet ci wet u kafe yii ci kow torotwaar yii wala taabal yi teeraas yii. |
| | **NYC Code §20-465(q)** |
| **7** | Mënuloo jaay:<br>• ci biir ab are biis wala taksi wala ci doxukaay bu nekk ci wet u barab u "taxawukaay" bu nekk ci wet u lopitaal<br>• ci kow yoon u doxukaay bi, xanaa mu nekk yoon bu ñu jagleel dox wala ab barab (ak fu ñu mey nit ñii ñu dox)<br>• ci giriyaas u ngalaw yii, giriyaas u metro yii, buntu kaaw yii, taax u masin u kuuraŋ yii wala pax u nit yii |
| | **NYC Code §§20-465(e), 20-465(i), 20-465(m)** |
| **Barab** | |
| ***Geew yi ñu jagleel jaaykat yi ame kayit u sañ-sañ yu jagleelu ak jaaykat yuy topp coppite sart bu jëkk bi*** | |
| *Jaaykat yëpp, bokk na ci nitt yii jaay ay ñjaay yu bokk ci coppitte sart bu jëkk bi, mbete kayit yi ñu bind ak nataal u aar yii, war na ñu dëppoo ak yeneen soxla yëpp yi ñu wax ci kayitt gii.*<br>*Xool al Paas 1 ngir wone ñjaay yi Coppite Sart bu Jëkk bi ëmb.* | |
| **8** | Da nga war a am kayit u sañ-sañ bu Baxa ngir jaay ci barab yii nekk ci suuf (bokk na ci pegg u tali yii) ci Manhattan:<br>• Digaloo bi feete Peŋku: 2nd Avenue<br>• Digaloo bi feete Saalum: 30th Street<br>• Digaloo bi feete Sow: 9th Avenue ak Columbus Avenue<br>• Digaloo bi feete Gannaar 65th Street |
| | **NYC Code §20-465(g)(1)** |

sanitation

# Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat yii:

## Mbir yu Fés ak Tektal ngir Gën Xam Sart yii

| | |
|---|---|
| 9 | Da nga war a am kayit u sañ-sañ bu Baxa wala bu Puur ngir jaay ci barab yii nekk ci suuf (bokk na ci pegg u tali yii) ci Flushing, Queens:<br>• Digaloo bi feete Peŋku: wet u peŋku bu Union Street<br>• Digaloo bi feete saalum: wet u saalum bu Sanford Avenue<br>• Digaloo bi feete Sow: wet u sow bu College Point Boulevard<br>• Digaloo bi feette gannaar: wet u gannaar bu Northern Boulevard |
| | **NYC Code §20-465(g)(4)** |
| **Nataalal** | |
| 10 | Da nga war a topp soxla yii ci wall u soxlaay nataallal yii:<br>• Li nga feeñal (c.m., taabal, kart, jaayukaay) warul ëpp 8 feet ci guddaay, 3 feet ci xootaay, ak 5 feet ci ñjoolaay.<br>• Nataalal yi tëdd dañu war a nekk 2 feet ci kow suuf.<br>• Nataalal yu taxaw yii da ñu wara nekk 1 feet ci kow suuf.<br>**Pexe:** Waruloo teg say ñjaay yi ngay jaay ci kow torotwaar yii wala ci kow darab, wala tagar wala daggit u karttoŋ ci kow torotwaar bi.<br>**Pexe:** Barab bii ci suuf mën nga ko jëfëndikoo ngir wone say mbir yi ngay jaay. |
| | **NYC Code §§20-465(b), 20-465(n)** |
| 11 | Da nga war a bayyi yoon ngir nit ñi dox lu toll ak 12 foot ci yaatuwaay ngir aji dox yii.<br>**Pexe:** Guddaay bi da ñu ko natt juge ci rëdd u kër yii ba ci torotwaar yii yu ñuy dajeel (c.m., yeewukaay u welo yii, robine sapeer, mandargaay tali yii) wala, su fekkee ni amul ay fatt-fatt, ba ca jaddukaay ba. |
| | **NYC Code §20-465(a)** |
| 12 | Sa puus-puus wala sa taabal u ñjaay dafa war a nekk ci wet u torotwaar bi. |
| | **NYC Code §20-465(a)** |
| 13 | Sa puus-puus wala sa taabal wala ñjaay yi ngay jaay war na ñu nekkee lu mu neew-neew ci 20 feet ak buntu dugukaay wala gennukaay u batimaa bi. |
| | **NYC Code §20-465(d)** |
| 14 | Sa puss-puss/taabal, wala oto, ñjaay yi ngay jaay ak bepp mbir bu laal ci ñjaay warul laal benn batimaa wala tabax (c.m., lamp u mbedd yii, gareekaay u oto yii, boyet u bataaxal yii, pooto mandargakaay yii, robinet sappeer yii, baag u garab yii, baŋ yii, are biis yii, poll u mbalit yii wala baaraas u tali yii). |
| | **NYC Code §20-465(c)** |
| **Leneen** | |
| 15 | Mënuloo nekk di jaay ci ab oto bu taxaw wala ci kow tali bi. |
| | **NYC Code §20-465(o)** |
| 16 | Mënuloo jëfëndikoo kuuraŋ wala bepp jumtukaay buy defar kuuraŋ, itam masin wala xarala buy doxee petorool wala gaas.<br>**Pexe:** Mënuloo jëfëndikoo jumtukaay buy baraansewu ci kuuraŋ.<br>**Pexe:** Mën nga jëfëndikoo jumtukaay buy doxee bateri. |
| | **NYC Code §20-465(p)** |

sanitation

# Sart bi ci Kayit u Sañ-Sañ u Jaaykat yii:

## Mbir yu Fés ak Tektal ngir Gën Xam Sart yii

| | |
|---|---|
| **17** | Su fekkee ni sa puus puus wala sa taabal dafa nekk ci tali oto bi (c.m., barab u gaarekaay yii), da nga war a topp sart u dawal ak gaare.<br>**Pexe:** Mënuloo jaay si tali bu oto yii di jaar su fekkee ni amul barab u kaaraange wala soriwoo lu mat 15 feet ab robinet sappeer. |
| | **NYC Code §20-465(f); 6 RCNY §2-304(c)** |
| **Jeebaane Ñjëg** | |
| **18** | Ngir ñjaay yi ngay jaay yëpp, da nga war a nataalal ñjëg yii teggi ttaks ci anam bii:<br>• Ngir ñjaay u kepp yii ak ab tampoŋ, etiket wala mandarga. WALA<br>• Ci ab pano bu feeñ fi ñjaay bi di nekk. |
| | **6 RCNY §2-307(b)** |
| **Kayit u seede fay yii** | |
| **19** | Da nga war a joxe ab kayit u seede fay bu am nimero seri ngir bepp ñjaay bu nit jënd. Kayit u seede fay bi daf cii boole:<br>• Bes u jënd bi<br>• Li mu fay ci ay koppar ak juuti<br>• Faram facce wu ñjaay ji<br>• Sa nimero Kayit u Sañ-Sañ u Jaay<br>• Ab wax buy wone ni ñaxtu yii mën na ñu koo yonnee waa DCWP boole ci adarees ak nimero telefoŋ (311)<br>**Pexe:** Da nga war a jox Alkaati Set ak Sell yii ab sotti u kayit u seede fay bu bayyeekoo ci ñjaay buñu amal bes bu jiitu bes bi ñu ko laajee. |
| | **6 RCNY §2-307** |

Ngir xibaar yu gën bari: **Seetal** nyc.gov/BusinessToolbox | **Jokkool ak 311** (212) NEW-YORK (Biti NYC)

*Kayit gii dañu koy joxe ngir pexey xamal rek, nekkul lu mat te nekkul xalaat u yoon. Sosiyeete yii nekk ci dëkk u New York war na ñu topp yoon yii ak sart ni nekk, ci Dëkk bi ak ci Gox bi. Sosiyeete yii am na ñu warugar u xam ak di topp sart yii daw te di wax ak ñoom.*